Өзбекстан Республикасы
Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги

Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

2019-жыл «Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»на бағышланған «Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әхмийетли мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференция

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

2-бөлим



2019 йил «Фаол инвестициялар ва ижтимоий ривожланиш йили»га бағишланган «Фан ва таълим-тарбиянинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республика илмий-назарий анжуман

# МАТЕРИАЛЛАРИ

2-бўлим

Нөкис-2019

**Өзбекстан Республикасы**

**Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги**

**Әжинияз атындағы**

**Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты**

2019-жыл «Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»на бағышланған

**«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери»**

атамасындағы

Республикалық илимий-теориялық конференция

МАТЕРИАЛЛАРЫ

2-бөлим

2019 йил «Фаол инвестициялар ва ижтимоий ривожланиш йили»га бағишланган

**«Фан ва таълим-тарбиянинг долзарб масалалари»**

мавзусидаги

Республика илмий-назарий анжуман

МАТЕРИАЛЛАРИ

2-бўлим

Нөкис-2019

**1.** Алишер Навоий. Мажолис-ун-нафоис. –Асарлар, 10 жилдлик, 9 жилд. –Тошкент: Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2011.–765.

**2.** Аълохон Афсаҳзод. Адабиёти форсу тожик дар нимаи дувуми асри XV. – Душанбе: Дониш, 1987. –261 б.

**3.** Ботир Валихўжаев. Ўзбек адабиётшунослиги тарихи. X-XIX асрлар. –Тошкент:Ўзбекистон, 1993. –191 б.

**4.** Заҳириддин Муҳаммад Бобур. "Бобурнома". –Т: "Юлдузча", 1990. –368 б.

**5.** Садриддин Айнӣ. Восифӣ ва хулосаи "Бадоеъ-ул-вақоеъ". –Душанбе: Ирфон, 1985.–336 б.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНОНИМЛЕРИНИҢ АТАЛЫЎ МОТИВЛЕРИНЕ ҚАРАЙ ТҮРЛЕРИ

**Р.Есбергенова - ҚМУ магистранты**

Ҳәр бир этникалық атаманың өзине тән келип шығыў тарийхы бар. Биз бул атамалардың жүзеге келиў нызамлылықлары ҳәм жасалыў принциплери ҳаққында айтыўды мақул деп билдик.

Этнонимлер тилдиң сөзлик қурамындағы ең ески сөзлер есапланады. Этникалық топарларды атаў принциплери ҳәр қыйлы болған. Биз бул мақалада қарақалпақ этнонимлерин пайда болыў принциплерине қарай төмендегише бөлип анализледик.

**1. Тамға тийкарында пайда болған этнонимлер.** Тамға түркий халықлардың урыў-тайпалары турмысында социаллық, экономикалық, хожалық ҳәм этнографиялық әҳмийетке ийе болған.

Ертедеги түркий урыў ҳәм қәўимлердиң өзине тән бир-биринен ажыратыўшы шәртли символлық белгилери болып, ол *тамға* деп аталған. Тамғадан әдетте ҳәр түрли урыўларға, қәўимлерге тийисли шарўа малларын ажыратыў ушын пайдаланған. Тамға малдың санына күйдирип басылған, қулағына белгилер салынған. Бул әдет шарўалар арасында ҳәзирги ўақытта да бар. Тамға ҳәм арнаўлы белгилер тек ғана малларды ажыратыў ушын емес, ал урыў ҳәм қәўимлерди ажыратып көрсетиўши белгилерге де айланған.

Бир қатар этнонимлер урыў ямаса қәўимлердиң тамғалары менен аталған. Ҳәр бир урыў ямаса қәўимниң өзиниң арнаўлы тамғасы болған. Мәселен, олар өзлериниң малларына ямаса жылқыларына басқалардың малларынан ажыралып турыў ушын тамға басқан. Соңынан бул тамғалар, белгилер көпшилик жағдайда сол урыўдың, қәўимниң атамасы болып қалған.

Қарақалпақ урыў-қәўимлик системасындағы айырым этнонимлер сол урыўлардың, қәўимлердиң тамғасы атамасы менен аталған. Мәселен, *балғалы, тарақлы, шөмишли, қостамғалы, қайшылы* урыўларының тамғалары формасы жағынан сол предметлерге уқсас болған, соңынан бул тамғалардың атамалары урыў-қәўим атамаларына айланған.

*Балғалы* – қарақалпақлардың қоңырат арысына киретуғын 15 урыўдың бири. Көпшилик дереклерге қарағанда, *балғалы* этноними балға тәризли тамғаға байланыслы пайда болған. Айырым дереклерде балғалылардың ата-бабалары уста болған делинген.

*Тарақлы* – қыят урыўының бир бөлими, қаңлы ҳәм кенегес урыўларының бир тийрелери. Бул урыўдың тамғасы тарақ тәризинде болған ҳәм ол этноним ушын тийкар етип алынған.

*Шөмишли* – балғалы урыўына киретуғын 11 урыўдың бири. Бул урыў шөмишке уқсаған тамғаға байланыслы пайда болған.

*Қостамғалы* – қоңырат арысына киретуғын 15 урыўдың бири. Бул урыўдың тамғасы тигине турған еки туўры сызық, яғный қос тамға көринисине ийе болған ҳәм соған байланыслы урыўдың атамасы келип шыққан.

*Қайшылы* – қытай урыўына киретуғын урыўлардың бири. Бир дереклерде бул урыўдың тамғасы қайшы тәризли болған, ал басқа бир дереклерде қайшылылардың ата-бабалары жүдә шебер, өнерли, белине бәрқулла қайшы байлап жүретуғын адамлар болған, жап-салмаларға, атызларға суў кетип қалмаў ушын қашы (қайшы) ислей беретуғын болған делинген.

*Қазаяқлы* – қоңырат арысына киретуғын 15 урыўдың бири, сондай-ақ, қарақалпақлардың қытай бөлиминиң бир урыўы. Қазаяқлылардың ғаздың аяғына уқсаған тамғасы болған, соған байланыслы урыўдың атамасы пайда болған. Айырым дереклерде, қазаяқлылардың ең әўелги бабасы ғаздың аяғындай болып, перделенип туўылған, ал басқа бир мағлыўматларға қарағанда, қазаяқлылар қазақларға жақын жерде, олардың аяқ тәрепинде жасаған делинген.

**2. Сан-муғдарды билдиретуғын сөзлерден пайда болған этнонимлер.** Урыў ҳәм қәўимлер белгили бир муғдардағы адамлардың топары ҳәм бирлеспесинен ибарат болған. Белгили бир дәўирде бул топарға ямаса бирлеспеге жақын ҳәм жақын емес жаңадан урыўлар (халық) қосылып турған ямаса қәўим белгили бир бөлимлерге, тийрелерге бөлинип кеткен. Мине, бундай процесслер урыў ҳәм қәўимлердиң қурамындағы компонентлердиң саны ҳәм муғдарына тәсир еткен. Бул белги айырым жағдайларда урыў ямаса қәўимди атаў ушын тийкар болған. Бул топарға *алты ата* (қыпшақ урыўының бир бөлими), *алты ортақ* (қаңлы урыўының бир тийреси), *жети көше* (қыпшақ урыўының бир бөлими), *жетиқарақазақы* (кенегес урыўының бир тийреси), *қырық* (қытай урыўларының бири), *тоғызақ* (қыятларға киретуғын урыўлардың бири), *үшбас* (ашамайлы ҳәм маңғыт урыўларының бири), *сегизек* (қытай урыўларының бири) сыяқлы этнонимлерди киргизиўге болады.

**3. Реңди билдиретуғын сөзлерден пайда болған этнонимлер.**

Қарақалпақ этнонимлериниң қурамында ҳәр түрли реңди билдиретуғын сөзлерден жасалған 10 ға жақын этноним ушырасады: *ақмаңғыт* (маңғыт бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *ақбалғалы* (балғалы урыўының бир тийреси), *қарамаңғыт* (маңғытларға киретуғын урыўлардың бири). *қара* (ашамайлы урыўларының бири), *қарамәнжиўли*(қытайлардың бир урыўы), *сары* (ашамайлы урыўларының бири).

**4. Белгили бир кәсипке байланыслы пайда болған этнонимлер.**

Қарақалпақ этнонимлериниң белгили бир бөлегин адамлардың кәсип-кәри тийкарында пайда болған атамалар қурайды. Қарақалпақлардың урыў-қәўимлик системасында *араншы* (кенегес бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *бағаналы* (қыпшақ қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *зергер* (бексыйық урыўларының бири), *кийикши* (кәндекли урыўларына киретуғын тийрелердиң бири), *көнши* (қыпшақ бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *қаратамшы* (балғалы урыўларының бири), *майлыбалта* (қыпшақ бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *майшыпалы* (қолдаўлы урыўының бир тийреси), *мамықшы* (маңғыт бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *орманшы* (қаңлы урыўларының бири), *тилеўқусшы* (қытай бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *шериўши* (қытай бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *шийши* (уйғыр урыўының бир тийреси),

*шығыршы* (қытай бөлимине киретуғын урыўлардың бири) сыяқлы этнонимлер бар болып, олар халықтың ертеде шуғылланған кәсиби ҳаққында мағлыўмат береди. Төменде усы этнонимлердиң айырымларына тоқталамыз.

*Араншы* – жабайы ҳайўанларды услаў ушын шуқыр қазып қақпан қуратуғын адам.

*Бағаналы* – аша тәризли тиреў соғатуғын уста.

*Зергер* – алтын ҳәм гүмистен ҳәр түрли нағыслы затлар ислейтуғын адам.

*Кийикши* – кийик аўлайтуғын адам.

*Майлыбалта* – «қассап» мәнисинде.

*Майшышалы* – жуўазыдан май шығаратуғын адам.

*Орманшы* – тоғай қорықшысы, бажбан.

*Тилеўқусшы* – қус бағатуғын адам.

*Шериўши* – тери ийлеўши адам.

*Шийши* – ший тоқыйтуғын адам.

*Мамықшы* – пахта, пилле жетистирип бериў менен шуғылланған адам.

*Шығыршы* – «суўшы» мәнисинде.

**5. Халықтың жасаған орнына байланыслы пайда болған этнонимлер.** Қарақалпақ урыў-қәуимлик системасында халықтың дәслепки мәканжайы, жасаған орнына байланыслы пайда болған этнонимлер де ушырасады. Бул топарға *аққала* (аралбай урыўының бир тийреси), *байқарашы* (қәндекли урыўының бир тийреси), *бектаў* (айтеке урыўының бир тийреси), *етекши* (қыят урыўының бир тийреси), *жалпақшек* (мүйтен урыўының бир тийреси), *жаманжақ* (әлепнөкис урыўының бир тийреси), *қаратереңши* (қыпшақ бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *тасқалалы* (қыпшақлардағы урыўлардың бири).

**6. Ҳайўанат атларынан пайда болған этнонимлер.** Бул топарға *атантай* (қоңырат арысына киретуғын қазаяқлы ҳәм ырғақлы урыўларының бир тийрелери), *бозтай* (маңғыт бөлимине киретуғын урыўлардың бири), *ешбуға* (маңғыт қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *ешкили* (қоңырат арасындағы ырғақлы урыўының бир тийреси, қыпшақ қәўиминдеги урыўлардың бири), *жағалтай* (қыпшақ қәўиминдеги урыўлардың бири), *жанлық* (маңғыт қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *қойлы* (бессары урыўының бир тийреси), *сарытай* (маңғытлардағы урыўлардың бири), *тазжанлық* (маңғытлардағы урыўлардың бири), *жетимтай* (маңғытлардағы урыўлардың бири),

**7. Халықтың социаллық турмысы менен байланыслы пайда болған этнонимлер.** Адамлар ертеден-ақ ҳәр түрли социаллық орталық, сиясий, экономикалық жағдайда болған, мине, соған байланыслы белгили бир топар ямаса қатламларға бөлинген. Бундай түсиниклер қарақалпақ этнонимиясында да сақланып қалған. Мәселен, *жалаңаяқ* (ашамайлы урыўының бир тийреси), *байбише* (мүйтен, қытай ҳәм қыпшақ урыўларының бир тийрелери), *байқараған* (қытай қәўимине киретуғын қазаяқлы урыўының бир тийреси), *байқурған* (теристамғалы урыўының бир тийреси), *тоқмаңғыт* (маңғыт урыўларының бири.

**8. Адам атларынан жасалған этнонимлер.** Көп ғана этнонимлер адамлардың лақаплары тийкарында жүзеге келген. Әдетте, адамның исмине қарағанда лақаплар көбирек этнонимге айланады. Қарақалпақ урыў-қәўимлик системасында адам атлары, лақаплар тийкарында жүзеге келген этнонимлер жүдә көп муғдарда ушырасады. Олар мыналар: *айдарбек* (тийекли урыўының бир тийреси), *айтеке* (қытай урыўларының бири), *ақназар* (қабасан урыўының бир тийреси), *ақымбет* (қайшылы урыўының бир тийреси), *аллаберди* (мүйтен урыўларының бири),

*аманқул* (бессары урыўының бир тийреси), *аралбай* (қытай урыўларының бири), *арзықул* (балғалы урыўының бир тийреси), *есен* (қабасан урыўының бир тийреси), *асан* (балғалы урыўының бир тийреси), *асанқараған* (майлыбалта урыўының бир тийреси), *әлимбай* (бессары урыўының бир тийреси), *баймурат* (мүйтен урыўының бир тийреси), *генжеқул* (бессары урыўының бир тийреси), *жапар* (ашамайлы урыўының бир тийреси), *жәримбет* (қолдаўлы ҳәм қазаяқлы урыўларының бир тийреси), *жумағул* (тийекли урыўының бир тийреси), *қайыпназар* (қыпшақ қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *қалмурат* (қытай қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *қурбан* (теристамғалы урыўының бир тийреси), *қурбанқул* (қытай қәўимине киретуғын урыўлардың бири), *мырзай* (қытай қәўиминдеги урыўлардың бири), *оразымбет* (қыпшақ ҳәм қытай қәўимлерине киретуғын урыўлардың бири), *тоңмойын* (маңғыт ҳәм баймақлы урыўларының бир тийреси), *сабалақ* (қарамойын ҳәм уйғыр урыўларының бир тийрелери), *қыдыр* (қытай урыўларының бири), *теристамғалы* (қоңырат арысына киретуғын 15 урыўдың бири), *саспақ* (баймақлы урыўының бир тийреси), *абас* (қыят урыўларының бири), *абыз* (ашамайлы ҳәм мүйтен урыўларының бир тийрелери), *бескемпир* (қолдаўлы урыўының бир тийреси), *ерке* (қолдаўлы урыўының бир тийреси), *тоңмойын* (баймақлы урыўының бир тийреси), *бессары* (қытай урыўларының бири), *бүлкилдек* (қарамойын урыўының бир тийреси), *ғыжақ* (қытай урыўларының бири), *дәўлетғарға* (араншы кенегес урыўының бир тийреси), *добал* (кенегес урыўының бир тийреси), *жәдик* (қыпшақ ҳәм қытай урыўларының бир тийрелери), *жуўансан* (қыпшақ ҳәм қытай урыўларының бир тийрелери), *жуўас* (кенегес урыўының бир тийреси), *кеңтанаў* (мүйтен урыўының бир тийреси), *қуйын* (қытай урыўларының бири), *жанжемес* (кенегес урыўының бир тийреси), *усақ* (кенегес урыўының бир тийреси), *қызылаяқ* (қолдаўлы урыўының бир тийреси), *тели* (мүйтен урыўының бир тийреси), *қылмойын* (қытай урыўларының бири), *тампыш* (қабасан урыўының бир тийреси), *маңқанай* (қыпшақ урыўларының бири).

Деген менен, ҳәр қандай лақап та этнонимге айлана бермейди. Себеби лақап этнонимге айланыўы ушын ол тек бир адамға емес, ал белгили бир адамлар топарына ямаса сол лақап ийесиниң әўладына тийисли болыўы керек. Әне сонда ғана ол этнонимге, яғный сол лақап ийеси урыўының атамасына айланады.

**9. Атақ ҳәм лаўазым атамалары тийкарында пайда болған этнонимлер.** Қарақалпақ этнонимиясында атақ ҳәм лаўазым атлары тийкарында пайда болған этнонимлер де ушырасады. Оларға *моллақараған* (мүйтен урыўының бир тийреси), *ақшыйық* (мәнжиўли урыўының бир тийреси), *ақылхожа* (қаңлы урыўының бир тийреси), *аннахожа* (қарамойын урыўының бир тийреси), *ахунқараған* (тарақлы урыўының бир тийреси), *бексыйық* (қытай урыўларының бири), *екишыйық* (қытай урыўларының бири), *төре* (қытай урыўларының бири) атамаларын киргизиўге болады.

Бул атамалар да дәслебинде адам исми менен бирге қолланылған. Ўақытлар өтиўи менен сол адамның әўладына байланыслы лаўазым атамасы лақап сыяқлы қолланылған. Титул – лақаплар адамның тийкарғы кәсип-өнерин көрсетпейди, ал әўладтан әўладқа өтип туратуғын улыўмалық атама. Сонлықтан да, бундай атамалар этнонимге айланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Атаниязов С. Этнонимы в туркменском языке. Автореферат докторской диссертации. Ашхабад, 1990.

2. Жаназақов Т. Қазақ этнонимлериниң қурылысы мен сыпаттары. // Қазақ ономастикасының мәселелери. Алматы, 1982.
3. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. М. – Л.,1950.
4. Марқаев С. Ўзбек тили этнонимларининг лисоний тадқиғи. Номзодлик диссертация автореферати. Тошкент, 2007.
5. Мамбетов К. Қарақалпақлар шежиреси. Нөкис, 1993.

## TAXTAKÓPIR RAYONÍ TOPONIMLERINIŃ QURÍLÍSÍ BOYÍNSHA TÚRLERI

**R.Esbergenova – QMU magistrantı**

Qálegen sóz belgili bir mánilik birliklerden ibarat boladı, yaǵnıy óziniń qurılısına iye boladı. Tildegi sózler ózleriniń morfologiyalıq quramı hám qurılısı jaǵınan birdey bolmaydı. Máselen, olar bir morfemadan, eki morfemadan, úsh hám onnan da artıq morfemadan turıwı múmkin. Sonlıqtan da sózdi qurılısı jaǵınan úyreniw, onıń qanday dereklerden turatuǵının anıqlaw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, sózlerdi grammatikalıq jaqtan izertlew júdá kóp lingvistikalıq máselelerdi sheshiwge, sonıń ishinde tilimizdegi bar hám qollanılıwdan shıǵıp qalǵan ayırım formalardı anıqlawǵa, sonday-aq sóz jasalıwdıń eski usılları hám ayırım fonetikalıq qubılıslardı anıqlawǵa járdem beredi.

Taxtakópir rayonı toponimleri qurılısı jaǵınan dara, qurama hám birikken bolıp keledi.

Dara toponimler qollanıwda qolaylılıǵı, termin talabına tolıq juwap bere alıwshılıǵı menen ayırılıp turadı: *Múlik.*

Dara toponimler affikssiz hám affiksli toponimler bolıp bólinedi. Affikssiz toponimler túbir sózlerden jasalǵan bolıp, olar toponimlerdiń eń az bólegin qurasa da, basqa toponimlerdi jasawda tiykar bolıp xızmet atqaradı. Affiksli toponimler túbir sózge sóz jasawshı affikslerdiń jalǵanıwı nátiyjesinde payda boladı. Affiksli toponimler túbir toponimlerden óziniń qospalılıǵı, morfologiyalıq qurılısı menen ajıralıp turadı. Qaraqalpaq tilinde affiksaciya jolı menen sóz jasaw eń ónimli usıllardan biri esaplanadı. Qaraqalpaq tilinde sóz jasawshı affiksler kóp. Biraq olardıń hámmesi de jańa mánidegi sózlerdiń jasalıwında qatnasa bermeydi. Máselen, affiksler járdeminde jasalǵan toponimler Qaraqalpaqstan toponimiyasında ushıraspaydı.

Sońǵı jıllarda túrkiy til biliminde toponimlerdiń jasalıwı hám olardıń morfologiyalıq qurılısına arnalǵan bir qatar izertlewlerde *lıq//-lik* hám *–lı//-li* affiksleri toponim jasawshı affikslerdiń qatarına kirgizilgen. Biraq bul affiksler qatnasqan barlıq toponimlerdi de affiksaciya usılı menen jasalǵan dep aytıw múmkin emes. Máselen, *Qumlıq* (Kegeyli rayonı), *Dáryalıq* (Shomanay rayonı), *Taslıq* (Moynaq rayonı) toponimlerin *–lıq* affiksi menen jasalǵan dep bolmaydı. Sebebi *qum, dárya, tas* sózlerinen, tiykarınan, basqa dórendi sózler yaǵnıy *qumlıq, dáryalıq, taslıq* leksemaları payda boldı. Bul jaǵdaylar – toponimge deyingi bolǵan kórinis.

Demek, toponimlerdi jasalıwı jaǵınan izertlegende, dáslep olardıń toponimge ótpesten burınǵı bolǵan mánisi menen toponimikalıq mánilerin ajıratıp kórsetiw kerek boladı.

Toponimler barlıq waqıtta tek bir sózdiń qatnasıwı menen ǵana payda bolmay, al eki hám onnan da kóp sózlerdiń járdemi menen de jasaladı. Bunday jaǵdayda qospa toponimler payda boladı. Olar qaraqalpaq tiliniń sózlik quramın bayıtadı, onıń sóz jasaw múmkinshiliklerin keńeytedi.

**Дәрибаев М., Бекбергенова М.** Т.Қайыпбергенов шығармаларының көркем тили........................................................................ **297**
**Durısbergenova M. Бекбергенов M.** M.Dáribevtiń "Mıńlardıń biri" shıǵ armasında hayal – qızlar obrazınıń súwretleniwi............ **298**
**Samatboyeva M.T.** O'zbek va ingliz tillari onomastik leksikasida "laqab" ("nickname") larning uslubiy – semantik xususiyati.............................. **301**
**Bultakova D.Sh.** O'zbek va ingliz antroponimlari semantikasi qiyosi ...... **303**
**Ҳамраев К.** Ҳикоя композициясида сарлавҳа поэтикаси..................... **303**
**Saidova F.** Paradigmalar almashinuvi pallasidagi o'zbek tilshunosligiga bir nazar .......................................................................................... **305**
**Marajabova M.** Lisoniy vaziyat tushunchasining falsafiy, sotsiolingvistik talqini xususida...................................................................... **306**
**M.G'ofurov** Tursunboy Adashboevning ona tabiat va vatan mavzusidagi she'rlari badiiyati........................................................................ **308**
**Кудиярова Д., Бекбергенова М.** Г.Нурлепесова поэзиясының тематикалық өзгешелиги.......................................................... **310**
**Худайбергенов А.А.** Межкультурная коммуникация как лингвистический объект................................................................ **311**
**Якубова Н.** Ҳозирги замон методологиясида сўроқ гапларнинг ўзига хос коммуникатив-прагматик хусусиятлари........................................ **313**
**Кощанов К.М., Кощанова Г.К.** Необходимость обучения детей дошкольников «азбуке жизненной безопасности»........................... **315**
**Keńesbaeva Sh.K.** «sháryar» dástanínín dóreliw dáwiri haqqínda............... **317**
**Jolımbetova Sh**. «Máspatsha» dástaninda ornitonimlerdiń teńewlik xizmetinde keliwi.................................................................... **319**
**Сағындықова Н.Қ., Бекбергенова М.Д.** Шайыр Г.Даўлетова поэзиясында гүз мәўсиминиң сүўретлениўи..................................... **321**
**Kabulova D.** "O'zbek tili"ning yangi tahrirdagi dasturi haqida **322**
**Алланазаров Е.Е.** Дәстаншылықта миллий реалистлик эпикалық дәстүрлердиң раўажландырыў жоллары.......................................... **324**
**Akimniyazova M. Qaraqalpaq tilindegi affiksoidlardiń qollaniliw zgesheligi** **326**
**Orazbaeva G., Bekbergenova M..** A.Begimovtíń "balíqshíníń qízí" romanínda qolanílǵan naqíl-maqallar............................................. **328**
**Искендерова Е.К.** Қарақалпақ айтыслары текстлеринде әскерий лексиканың квантитатив-типологиялық анализи.............................. **330**
**Мирзоев Х.Т.** Навоийнинг "Мажолис-ун-нафоис" асари Сайфий Бухорий шахсияти ва ижодини ўрганишда муҳим манба........................ **332**
**Есбергенова Р.** Қарақалпақ этнонимлериниң аталыў мотивлерине қарай түрлери................................................................................ **335**
**Esbergenova R.**Taxtakópir rayoní toponimleriniń qurílísí boyínsha túrleri.... **339**